Kopa peji iri pawww.jw.org

Josefa Ari Kunyika yeljipiti

GENESISI ZVITSAUKO 39-40



www.jw.org © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania



www.jw.org © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

POTIFARI PAAKADZOKA, MUDZIMAI WAKE AKABVA ANYEPERA JOSEFA.

. . . UYE JOSEFA ANGA ACHIDA **KURARA** NENI. SAKA NDABVA **NDARIDZA** MHERE NDOKUBVA **ATIZA** ACHISIYA HEMBE YAKE.

JOSEFA ANOFANIRA **KURANGWA** CHETE!

POTIFARI AKABVA AITA KUTI JOSEFA AKANDWE **MUJERI . . .**

ASI JEHOVHA AKARAMBA **ACHITARISIRA** JOSEFA.

www.jw.org © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

RIMWE ZUVA JOSEFA AKAONA VASUNGWA VAVIRI VAIMBOSHANDIRA **FARAO** MAMBO WEIJIPITI.

VARUME ZVISO ZVENYU **HAZVISI KURATIDZA KUFARA** KO CHII?

PANE HOPE **DZATAROTA**.

ASI TASHAYIWA MUNHU ANGADUDZIRA HOPE DZACHO.

NDAROTA NDICHIONA MAPAZI **MATATU** ANGA AINE **MAZAMBIRINGA.** NDABVA NDAGADZIRA WAINI NEMAZAMBIRINGA ACHO NDOKUBVA NDAPA **FARAO KUTI ANWE**.

MWARI ANOGONA KUKUBATSIRAI KUDUDZIRA HOPE DZENYU. NDAPOTA **NDIUDZEI** KUTI MAROTEI.

INIWO NDAROTA NDAKATAKURA **MABHASIKITI MATATU** AIVA NECHINGWA. ASI SHIRI DZABVA DZATANGA **KUDYA ZVOKUDYA ZVAFARAO** ZVAIVA MUBHASIKITI NECHEPAMUSORO.

HOPE DZAKO DZINOREVA KUTI **MAZUVA MATATU** AKANGOPERA UCHABVA **WADZOKERA KUNOSHANDIRA FARAO.** KANA WASUNUNGURWA NDOKUMBIRAWO KUTI UNDIYEUKE, UUDZE FARAO NEZVANGU NOKUTI INI NDAKABIWA UYE HANDIFANIRI KUNGE NDIRI MUJERI.

HOPE DZAKO DZINOREVA KUTI **MAZUVA MATATU** AKANGOPERA, FARAO **ACHAKUURAYA!**

PASHURE PEMAZUVA MATATU, FARAO PAAIPEMBERERA MUSI WOKUZVARWA KWAKE, AKASUNUNGURA MUSUNGWA WOKUTANGA NDOKUBVA **AMUDZOSERA PABASA RAKE.** ASI MUSUNGWA WECHIPIRI AKABVA **AURAYIWA.**

MAZUVA AKABVA APINDANA . . . MUSUNGWA UYA ASINA KUURAYIWA **AKABVA AKANGANWA** KUUDZA FARAO NEZVAJOSEFA. ASI **JEHOVHA** AKAKANGANWA JOSEFA HERE? JOSEFA **AIZOORERA** MUJERI HERE? MUNYAYA YOMUBHAIBHERI INE MIFANANIDZO INOTEVERA UCHAONA KUTI JOSEFA AKAKWANISA SEI KUBATSIRA **VANHU VOKUMBA KWAKE** UYE **RUDZI RWOSE!**

CHII CHATINODZIDZA PANE ZVAKAITIKA KUNA JOSEFA PAAIVA KUIJIPITI?

NEMHAKA YEI JOSEFA **AKATEERERA** JEHOVHA PASINEI NOKUTI AKANGA ARI **KURE** NEVANHU VOKUMBA KWAKE?
ZVINGANGOKUBATSIRA: *ZVIREVO 15:3.*

NEMHAKA YEI JOSEFA **AKATIZA** APO MUDZIMAI WAPOTIFARI AIDA KURARA NAYE?
ZVINGANGOKUBATSIRA: *GENESISI 39:9.*

KANA **ZVINHU ZVICHITIFAMBIRA ZVAKANAKA** KANA KUTI TIINE **MATARENDA** OKUITA ZVIMWE ZVINHU, CHII CHATINOFANIRA **KUYEUKA?**
ZVINGANGOKUBATSIRA:
GENESISI 39:3, 23; 1 VAKORINDE 4:7.

www.jw.org © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania